

## KIMOUN NOU YE



Kinship Navigator se yon pwogram nan Commonwealth Massachusetts ki ede tout moun kap bay swen pou fanmi (grandparan ak lòt paron pwòch yo) jwenn aksè nan sèvis pou tèt yo ansam avèk timoun yap elve yo.



Èske wap edike ptit ptit ou oswa ptit yon paran pwòch?

Èske wap pran swen yon timoun akoz defisyans paran ki gen rapò avèk move itilizasyon sibstans, maladi mantal, vyolans domestik oswa sanzabri?

Èske ou okouran ke genyen sèvis spesifik nan kominate w pou ou?

Ou pa poukонт ou.  
Nou isit la pou ede w!

**1 (844) 924-4KIN (4546)**

[mass.gov/kinship-navigator](http://mass.gov/kinship-navigator)  
[kinshipnavigator@mass.gov](mailto:kinshipnavigator@mass.gov)

[mass.gov/kinship-navigator](http://mass.gov/kinship-navigator)



**KINSHIP  
NAVIGATOR**

MASSACHUSETTS

Kolaborativman sipòte moun kap bay swen yo ansanm avèk fanmi yo.



## KIMOUN NAP SÈVI

Pwogram Kinship Navigator bay èd, asistans, poubwa, sipò, gid ak konsèy pou moun kap bay swen pou fanmi yo toupatou nan Commonwealth sa ki gen ladan:

- Paran adoptif fanmi kap pran swen timoun ki gen enplikasyon avèk Depatman Timoun ak Fanmi nan Massachusetts (DCF)
- Moun kap pran swen fanmi yo enplike avèk Tribunal Siksesyon ak Fanmi
- Fanmi yo ki gen aranjman enfòmèl moun kap bay swen yo



## MISYON

Pou asire ke tout moun kap bay swen yo nan Massachusetts kapab fasilman jwenn sèvis sipò anliy ansanm avèk asistans bò kote anplwaye Kinship Navigator yo pou ede kiltive fanmi ki fò, estab e ki gen siksè.

## KIJAN NOU KA EDE

Anplwaye Kinship Navigator aji kòm yon pwen kontak pou moun kap bay swen yo nan tout eta ak fanmi yo. Nou ede nan naviye sèvis yo tankou:

- Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)
- Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC)
- Depatman Timoun ak Fanmi (DCF)

Nou konekte moun kap bay swen fanmi ak resous kominotè sa ki gen ladan:

- Sant Resous Fanmi yo
- Komisyon Granparan Massachusetts
- Gwoup Sipò
- Konsèy ak Sante Mantal
- Asistans Manje & Nitrisyon
- Sèvis Legal
- Gadri
- Sipò pou moun kap bay swen fanmi ki gen yon manm fanmi ki gen difikilte avèk move itilizasyon sibstans

